**दिन—बुधवार** **दिनांक—29.04.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे नारी शक्ति वंदन अधिनियम संशोधन विधेयक जौं पास भऽ जाइत तऽ दू हजार उनतीस सँ महिला लोकनि के विधायिका मे हुनक अधिकार भेटि जाइत। श्री मोदी उत्तर प्रदेशक हरदोई मे एक जनसभा के संबोधित करैत कहलनि जे महिला लोकनि के आरक्षण कोनो आन वर्गकक सीट सँ कम कयने बिना भेटैत, मुदा विपक्षी दल साजिश कऽ एकरा रोकि देलक।

---

भागलपुर जिलाक सुल्तानगंजक नगर परिषद कार्यालय मे काल्हि भेल गोलीबारीक घटना मे मृतक कार्यपालक पदाधिकारी कृष्णभूषण कुमार के हुनक पैतृक निवास मधुबनी जिला मे राजकीय सम्मानक संग अंतिम विदाई कऽ देल गेल। अंतिम विदाई मे मधुबनी पुलिस द्वारा हुनका गार्ड ऑफ ऑनर देल गेल। कृष्णभूषण कुमारक हत्या पर मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी अपन शोक संवेदना व्यक्त कयलनि। मुख्यमंत्रीक निर्देश पर मधुबनीक जिला पदाधिकारी आनंद शर्मा हुनक परिजन के पच्चीस लाख टाकाक सहायता राशिक चेक प्रदान कयलनि। विदित अछि जे काल्हि नगर परिषद कार्यालय मे किछु अपराधी घुसि कऽ गोलीबारी कयलक जाहि मे कार्यपालक पदाधिकारीक मृत्यु भऽ गेलनि आ गोलीबारी मे गंभीर रूप सँ घायल सभापति राजकुमार गुड्डू के नीक इलाजक लेल पटना लाओल गेल।

---

सुल्तानगंज नगर परिषदक कार्यपालक पदाधिकारी कृष्णभूषण कुमारक हत्या मे सम्मिलित एक अपराधी के पुलिस मारि खसौलक। आइ सवेरे करीब चारि—पांच बजे भेल मुठभेड़ मे एक डीएसपी आ दू पुलिस इंस्पेक्टर सेहो घायल भऽ गेलाह। पुलिस अधीक्षक प्रमोद यादव जनौलनि जे एहि मामिला मे दू आन अपराधी के गिरफ्तार कयल गेल अछि। ओ जनौलनि जे मुठभेड़ मे घायल तीनू पुलिसकर्मी के जेएलएनएम मेडिकल कॉलेज अस्पताल मे इलाज चलि रहल छनि।

---

पश्चिम बंगाल विधानसभा चुनावक दोसर आ अंतिम चरणक मतदान आइ संपन्न भऽ गेल। प्राप्त जनतबक अनुसार दोसर चरण मे सेहो रिकॉर्ड मतदान भेल अछि। भोटक गिनती चारि मई के होयत।

———————————————————

बिहार राज्य निर्वाचन प्राधिकार पटना, कटिहार, मुजफ्फरपुर, बांका आ सुपौल समेत उन्नैस जिलाक एकसय अठाईस पैक्स मे प्रबंधकारिणी समितिक निर्वाचन कार्यक्रमक घोषणा कऽ देलक अछि। चारि मई के सूचनाक प्रकाशन होयत। बीस आ एक्कैस मई के नामांकन पत्र भरल जायत। नाम वापसीक अंतिम तिथि छब्बीस मई अछि। आवश्यकताक अनुसार तीन जून के मतदान होयत आ उएह दिन भोटक गिनती सेहो होयत।

———————————————————

पश्चिम एशिया मे जारी तनवापूर्ण स्थितिक मध्य केन्द्र सरकार आश्वासन देलक अछि जे देशभरि मे घरेलू एलपीजी आपूर्ति बिना कोनो रूकावट के सूचारू रूप सँ जारी अछि। नव दिल्ली मे अंतर–मंत्रालयी समीक्षा बैसार मे चर्चाक बिन्दुक जनतब दैत पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्रालयक सचिव सुजाता शर्मा कहलनि जे देश मे एलपीजी वितरक लऽग एलपीजीक कमी हेबाक रिपोर्ट नहि भेटल अछि।

———————————————————

पश्चिमी विक्षोभक प्रभाव सँ प्रदेशक अधिकांश क्षेत्र मे अगिला दू दिन धरि तेज हवाक संग बरखा हेबाक संभावना अछि। एहि क्रम मे ठनका खसबा के लऽकऽ चेतावनी जारी कयल गेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार अररिया, बांका, बेगूसराय, कटिहार, खगड़िया, किशनगंज, मधेपुरा, मधुबनी, मुंगेर, पूर्णियां, सीतामढ़ी, सुपौल आ पटना समेत सत्ताईस जिला मे अगिला दू सँ तीन घंटा मे मध्यम दर्जाक मेघगर्जन, वज्रपात आ बरखाक संग पचास सँ साठि किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सँ हवा चलबाक प्रबल संभावना अछि। मौसम विभागक अनुसार अगिला तीन सँ चारि दिन मे अधिकतम तापमान मे एक सँ तीन डिग्री सेल्सियस कमी हेबाक संभावना बनल अछि। ओतहि, न्यूनतम तापमान मे कोनो खास परिवर्तन नहि होयत।

———————————————————

आइ दानवीर भामा शाहक जयंती अछि। एहि अवसर पर पटनाक पुनाईचक पार्क मे आयोजित राजकीय समारोह मे राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल सेवानिवृत सैयद अता हसनैन, मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी समेत कतेको गणमान्य लोक भामा शाहक प्रतिमा पर माल्यार्पण कयलनि। विधानसभा अध्यक्ष डॉक्टर प्रेम कुमार भामा शाह के श्रद्धांजलि दैत हुनक व्यक्तित्व आ कृतित्व के स्मरण कयलनि।

————————————————————————

सीवान मे आइ प्रधानमंत्री मुफ्त सूर्य घर योजनाक अंतर्गत मेगा कैम्पक आयोजन कयल गेल। एहि शिविरक माध्यम सँ बीपीएल परिवार के एक किलोवाट क्षमतावला सोलर पैनल निःशुल्क उपलब्ध कराओल जा रहल अछि।

————————————————————————

.समाप्त